

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan dirancang maké pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén anu sok disebut ogé ékspérimén semu. Dina panalungtikan taya variabel control jeung nangtukeun sampelna ogé teu dipilih sacara acak.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Dina lumangsungna prosés panalungtikan kamampuh siswa diukur saméméh jeung sanggeus dibéré perlakuan ngagunakeun média *genially*. Hasilna katingali ku cara néangan babandingan dina hasil kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh jeung sabada dibéré perlakuan.

Nurutkeun Arikunto (dina Dewantari, 2016) aya tilu desain kuasi ékspérimén, diantaranya *one shot case study*, *one-group pretest-posttest design*, jeung *static group comparison*. Anapon anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta *one group pretest and posttest design* anu dimimitian ku cara méré *pre-test* tuluy méré perlakuan (*treatment*) nyaéta kagiatan diajar nulis sisindiran ngagunakeun média pangajaran *genially* sangkan ngalatih kamampuan siswa dina nylis sisindiran, tuluy dipungkas ku méré *post-test*.

Tabél 3. 1
Désain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O1	X	O2

(Arikunto, 1983)

Keterangan:

- O1 : Kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh ngagunakeun média pangajaran *genially*
- X : Perlakuan/*treatment* (Média *Genially* dina Pangajaran Nulis Sisindiran)
- O2 : Kamampuh nulis sisindiran siswa sabada ngagunakeun média pangajaran *genially*.

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nayéta téhnis tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis sisindiran siswa boh saméméh ngagunakeun media pangajaran *Genially*. Tés nu

dipaké mangrupa tés tulis, anu dimimitian ku ngeusian soal anu geus disiapkeun saméméhna. Téhnik tés anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh dua kali. Kahiji *pre-test* nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *genially*. Tés anu kadua nyaéta *post-test* nyaéta hasil kamampuh siswa dina nulis sisindiran sanggeus dibéré *treatment* ku cara ngagunakeun média *genially*.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta kagiatan nganalisis data tina hasil panalungtikan. Dina nganalisis data, panalungtik bisa nyoko kana kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus make media *genially* dina pangajaranana.

Ieu di handap mangrupa tahapan dina nganalisis data hasil kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun media *genially*, diantarana:

- a. Nyirian unsur aspék kabasaan sarta struktur téks sisindiran dumasar hasil pagawéan siswa;
- b. Mariksa tur meunteun hasil nulis sisindiran saméméh jeung sabada ngagunakeun media *genially* dumasar kana kritéria ieu di handap.

Tabél 3. 2
Kritéria Penilaian

Aspék kamampuh nulis	Nilai	Kritéria
Eusi	27-30	Hadé pisan (Sampurna, hartina maham pisan tur geus ngawasa pikeun mekarkeun kecap konci kalawan luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar).
	22-26	Cukup-Hadé (Maham, mekarkeun kecap konci geus luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar, tapi kurang lengkep)
	17-21	Sedeng-cukup (Kurang maham, kurang saluyu dina mekarkeun kecap konci sarta pasualan nu dipedarna heureut).
	13-16	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	18-20	Hadé Pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diébréhkeun jéntré, mundél, rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	14-17	Cukup-Hadé (Éksprési kurang lancar, kurang sistematis tapi gagasan utamana geus jéntré, kurang rapih, bahan anu kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep).
	10-13	Sedeng-Cukup (Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis).

Risma Munawar, 2024

MÉDIA GENIALLY DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	7-9	Kurang-Hadé (Henteu komunikatif, teu terorganisir, teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	18-20	Hadé Pisan (Jembar, kecap anu dipaké éféktif, milih kecap sarta ngébréhkeun kecapna saluyu sarta ngawasa pisan pangwangunan)
	14-19	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap nu digunakeun éféktif, milih sarta ngébréhkeun kecapna sakapeung teu merenah tapi henteu ngaganggu).
	10-13	Sedeng-Cukup (Sedeng, kurang éféktif milih kecap, kawatesanan tur sering salah dina ngagunakeun kosa kecap anu antukna ma'nana ogé salah).
	7-9	Kurang-Hadé (Teu éféktif milih kosa kecap, asal-asalan, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén).
Adegan Basa	22-25	Hadé Pisan (Ngawasa pisan kana tata basa, saeutik kasalahan dina make jeung nyusun kalimah jeung kecap).
	18-21	Cukup-Hadé (Maké jeung nyusun kalimahna sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa tur teu ngarobah ma'na)
	11-17	Sedeng-Cukup (Hésé dina make jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa anu antukna ma'nana teu luyu)
	7-9	Kurang Hadé (Teu ngawasa kana aturan sintaksis, dina make jeung nyusun kalimah teu komunikatif, teu cukup diajén).
Mékanik	5	Hadé Pisan (Ngawasa kana aturan tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	4	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan tulisan, sanajan aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	3	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan tulisan, loba kasalahan éjahan tur ma'na na teu jelas)
	2	Kurang Hadé (Henteu ngawasa kana aturan dina tulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan teu bisa dibaca, teu cukup pikeun diajén).

Numutkeun Hartfield (dina Kuswari, 2010)

Nilai anu geus diitung disaluyukeun kana skala peunteun nulis sisindiran saperti ieu di hadap.

Tabél 3. 3
Skala Peunteun Nulis Sisindiran

Skala	Katégori
90-100	Hadé pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang pisan

Risma Munawar, 2024

MÉDIA GENIALLY DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Sugiantiningsih, 2019)

- c. Méré peunteun hasil *pretest* jeung *posttest* siswa, kalawan rumus:

$$P = \sum \text{ skor siswa } X$$

Keterangan:

P = peunteun

\sum skor siswa = jumlah peunteun siswa

- d. Ngasupkeun hasil peunteun kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *genially* kana tabél di handap.

Tabél 3. 4
Format Peunteun Nulis Sisindiran

No. Absen	Aspék kamampuh nulis					P	Katégori
	A	B	C	D	E		
\sum							
x							

Keterangan:

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kosa kecap

D = Adegan Basa

E = Mékanik

P = Peunteun

\sum = Jumlah peunteun

x = Rata-rata

3.2.2.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, data diolah sarta dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 26 minangka program *software* anu bisa mantuan prosés ngolah data sacara statistik.

3.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun sangkan mikanyaho data panalungtikan distribusina normal atawa henteu. Sabab, dina *Statistic Parameric* distribusi data anu normal nyaéta sarat mutlak jeung kudu kacumponan. Uji normalitas data bisa dilakukeun sababaraha uji statistic saperti, *Saphiro-Wilk*, *Kolmogorov-Smirnov*, *Liliefors*, jeung *Kurtosis*. Anapon hasil analisis pikeun uji normalitas dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Risma Munawar, 2024

MÉDIA GENIALLY DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

H1: distribusi data normal

H0: distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Saphiro-Wilk* sabab dara anu ditalungtik kurang ti 50 (<50), ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H1 ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) $>0,05$

H0 ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) $<0,05$.

3.2 Uji Hipotésis

Aya dua cara pikeun nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukeun hasil dara anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna maké *Statistic Parametic* kalawan ngagunakeun *T-test*. Sedengkeun, lamun data miboga distribusi anu teu normal, éta data diuji hipotésisna maké *Statistic nor-parametic* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Paired Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif (H1) : aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *genially* ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024.

Hipotésis Nol (H0) : teu aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *genially* ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024.

3.3 Instrumén Panalungtikan

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu dipaké nyaéta tés tulis. Ieu instrumén téh dipaké sangkan bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Instrumén mangrupa soal ngeunaan matéri sisindiran anu ngawengku kana wangenan, jinis sisindiran, jeung conto sisindiran. Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijéntrékeun di handap.

Tabél 3. 5
Instrumén Panalungtikan

Wasta :	
Kelas :	
Matéri : Sisindiran	
<i>Peupeujeuh ari ka Bandung,</i>	
<i>Ulah meuli hayam katé.</i>	
<i>Peupeujeuh ari ka Indung,</i>	
<i>Ulah nganyerikeun haté.</i>	
Di luhur mangrupa salasahiji sisindiran dina wangun rarakitan. Wangun sisindiran diantarana rarakitan, paparikan, jeung wawangsalan. Pék ku hidep lengkepan sisindiran ieu di handap!	
1. Paparikan	
a. Cau naon cau naon Cau kulutuk di juru	c. Nyai Iteung make gelung Lamun hirup tong adigung
b. Lamun urang hayang pinter Kudu getol ka sakola	d. Pa Kadés mah jalma beunghar Moal hésé barangdahar
2. Rarakitan	
a. Sok hayang nyaba ka Bandung Sok hayang nyaho nanjakna	c. Sapanjang jalan ka Soréang Sapanjang tacan kasorang
b. Sing getol néangan élmu Nu guna dunya ahérat	d. Tong poho panggih si Karna Mun ekeur nyaba ka Garut
3. Wawangsalan	
a. Kendang gedé pakauman Dag-dig-dug rasaning ati Wangsalna:.....	c. Wangsalna: Buku
b. Kapiraray siang wengi Wangsalna: Oray	d. Alat musik tatar Sunda Wangsalna: Kacapi

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Data peunteun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *genially* diasupkeun kana instrumén ngolah data saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3. 6
Format Peunteun Nulis Sisindiran

No. Absen	Aspék kamampuh nulis					P	Katégori
	A	B	C	D	E		
Σ							
x							

Katerangan:

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kosa kecap

D = Adegan Basa

E = Mékanik

P = Peunteun

Σ = Jumlah peunteun

x = Rata-rata

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis sisindiran siswa keals VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *genially*.

3.4.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-C di SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024. Perenahna ieu sakola di Jl. Raya Lembang No. 357, Jayagiri, Kecamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat, Jawa Barat 40391. Kurikulum anu dipaké pikeun kelas VIII jeung kelas IX nyaéta kurikulum 2013 révisi 2017, sedengkeun pikeun kelas VII geus ngagunakeun kurikulum merdéka. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas VIII-C anu ngawengku 25 siswa, 11 urang lalaki jeung 14 urang awéwé.

Tabél 3. 7
Sumber Data

Risma Munawar, 2024

MÉDIA GENIALLY DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN


(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jumlah siswa lalaki	Jumlah siswa awéwé	Jumlah siswa kelas VIII-C
11	14	25

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu dipigawé ku panalungtik sangkan meunang hasil, tujuan, jeung kacindekan kalawan sistematis. Pamarekan anu dipaké nya éta pamarekan kuantitatif anu make métode kuasi ékspérimén, sarta make désain *one group pre-test and post-test desain*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Idéntifikasi masalah

Tahapan munggaran dina ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan jeung métode panalungtikan saméméh panalungtikan dilaksanakeun. Panaluntik ogé ngaindéntifikasi masalah nu aya ngeunaan pangajaran nulis sisindiran.

b. Ngararancang alur



Tahap kadua nyaéta panalungtik ngararancang alur panalungtikan ku cara ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.

c. Ngarumuskeun instrumén

Tahap katilu nyaéta panalungtik nyieun instrumén anu mangrupa soal tés anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*.

d. *Pre-test*

Tahap kaopat nyaéta panalungtik ngukur kamamouh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *genially*.

e. Ngagunakeun média *genially*

Tahap kalima nyaéta panalungtik méré stimulus ka siswa dina pangajaran sisindiran ku cara ngagunakeun média *genially*.

f. *Post-test*

Tahap kagenep nyaéta panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun média *genially*.

g. Analisis data

Tahap katujuh nyaéta ngolah data sanggeus ngalaksanakeun tés *pre-test* jeung *post-test*.

h. Kacindekan

Tahap kadalapan nyaéta panalungtik nyieun kacindekan tina tahapan-tahapan saacana tuluy disusun kana wangun skripsi.